



Pou Piblikasyon Imedya: 02/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN KONTRANDI SOU CORONAVIRUS LA, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ETA A AP FÈ PATENARYA AK LOPITAL YO POU ELAJI KAPASITE POU TESTE CORONAVIRUS LA NAN NEW YORK

Gouvènè a Anonse Objektif pou Eta a Kapab Teste Jiska 1,000 Tès Pa Jou nan Tout Eta a

Eta a Ap Enstitye Nouvo Pwotokòl Netwayaj nan Lekòl ak nan Sistèm Transpò Piblik yo pou Ede Estope Tout Pwopagasyon Potansyèl Viris la

Apwobasyon FDA pou Nouvo Sant Tès Wadsworth Eta New York la pou COVID-19 la Vini Apre - Premye Tès ki Pa -CDC FDA a Apwouve

Gouvènè Cuomo: "Se pa premye fwa sa ap rive - nou kowòdone konplètman e nou mobilize konplètman, e nou prepare konplètman pou fè fas ak sityasyon an jan l ap devlope a".

Pandan kontrandi sou Coronavirus la nan biwo li a nan santrevil Manhattan, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Sant Wadsworth ki rekoni mondyalman — ki se laboratwa rechèch entansif sou sante piblik ki loje nan Depatman Sante Eta a — ap fè patenarya ak lopital yo pou elaji kapasite pou teste a 1,000 tès pa jou nan tout eta a pou coronavirus la. Sant Wadsworth la ap bay lopital sa yo enstriksyon sou fason pou repwodui tès Eta a, epi ede yo achte kèk nan ekipman ki nesèsè pou devlope epi valide tès la.

Gouvènè a te anonse tou eta a ap enstitye yon nouvo pwotokòl netwayaj nan lekòl yo ak nan sistèm transpò piblik la pou ede estope tout pwopagasyon potansyèl viris la.

Anons lan vini apre apwobasyon Administrasyon Manje ak Medikaman an (Food and Drug Administration, FDA) pou Sant Wadsworth la kòmanse tès pou Coronavirus la — premye tès ki pa fèt pa Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ke FDA a te bay apwobasyon. Premye ka coronavirus ki konfime nan New York la, yon fi ki nan trantèn li, te fèt nan laboratwa egzamen Wadsworth Eta a.

"Nou gen pi bon sistèm swen sante nan mond lan, e n ap tire pati de sistèm sa pou ede frennen tout pwopagasyon potansyèl coronavirus la nan New York", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "N ap elaji egzamen yo pou nou ka fè 1,000 tès pa jou gras ak Laboratwa Wadsworth ki rekoni mondyalman nan patenarya ak lopital yo. E n ap enstitye yon nouvo pwotokòl netwayaj nan lekòl nou yo, nan transpò piblik nou an, ak lòt kote pou

frennen tout pwopagasyon potansyèl. Se pa premye fwa sa ap rive - nou kowòdone konplètman, nou mobilize konplètman, e nou prepare konplètman pou fè fas ak sityasyon an jan l ap devlope a."

Semèn pase a Gouvènè a te anonse l ap mande yon afektasyon ki evalye a 40 milyon dola pou Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York pou anboche anplwaye anplis, achte ekipman ak tout lòt resous ki nesese pou reponn a potansyèl nouvo pandemi coronavirus lan. Gouvènè a ap pwopoze tou lejislasyon pou klarifye otorite pou gouvènè a pran kèk aksyon ak mezi nan tout eta a kòm repons ak deklanchman coronavirus la jan li nesese. DOH la ap konvoke TOU depatman sante lokal ak lopital yo nan tout eta a pou revize pwotokòl, pi bon pratik ak pwosedi pou ede asire ke yo prepare pou konbat pwopagasyon nouvo coronavirus lan.

Nan samdi, Eta New York te resevwa avi ke FDA te apwouve Aplikasyon pou Itilizasyon laboratwa Wadsworth la ann ljan — EUA — li mande pou kòmanse teste coronavirus lan ki itilize tès Eta a te devlope epi valide nan Sant Wadsworth la. Tès sa ap pèmèt Eta a reyalize egzamen pi rapidman pase lè li voye yo nan CDC a epi pou reponn rapidman lè e si gen yon ka ki pozitif pou pwoteje sante piblik Moun New York yo pi byen. Lè li resevwa espesimen yo, Sant Wadsworth la ka fè egzamen nan twa a senk èdtan.

Sant Wadsworth la te kòmanse fè tès samdi swa. Kapasite pou fè tès Wadsworth kounye a se 200 tès pa jou, e Depatman Sante Eta a ap travay pou elaji kapasite a gras ak lè siplemantè nan laboratwa epi l ap anboche pèsònèl siplemantè.

Apwobasyon an rive nan yon moman kritik pandan CDC ak DOH la te elaji kritè egzamen an pou antre deplasman nan lòt peyi - espesyalman Itali, Kore Disid ak Iran - ak lòt peyi ki pa gen istorik vwayaj kote moun ospitalize gen sentòm respiratwa san lòt eksplikasyon.

Jiska prezan, Sant Wadsworth la te resevwa echantiyon ki soti nan 4 Nouyòkè pou egzamen: 2 te soti negatif; 1 retounen pozitif; epi 1 toujou ankou. Anvan, yo te voye echantiyon ki soti nan 28 Nouyòkè bay Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo pou teste, toule 28 te retounen negatif.

Byenke pa gen vaksen kont nouvo coronavirus la, mezi prevantiv chak jou yo ka ede sispans pwopagasyon sa ak lòt viris respiratwa yo:

- Lave men ou souvan ak savon ak dlo pandan omwen 20 segonn. Si pa gen savon ak dlo ki disponib, itilize dezenfektan pou men ki abaz alkòl.
- Evite touche je, nen ak bouch ou avèk men ki pa lave.
- Evite kontak pre ak moun ki malad.
- Rete lakay ou lè ou malad.
- Kouvri tous ak etèniman ou ak yon papye, apre sa jete papye a nan poubèl.
- Netwaye epi dezenfekte objè ak sifas ou touche souvan.
- Moun ki santi sentòm yo e ki ka te vwayaje nan zòn ki konsène yo oswa ki ka te an kontak ak yon moun ki te vwayaje nan zòn sa yo ta dwe rele pwofesyonèl swen sante yo a alavans anvan yo prezante pou tretman.

Nouyòkè yo ka rele liy asistans Eta a nan 1-888-364-3065, kote ekspè yo ka reponn kesyon yo konsènan nouvo coronavirus la. Anplis de sa, Depatman an gen yon [sitwèb dedye](#) ki te kreye kòm yon resous ki gen enfòmasyon ajou pou Nouyòkè yo. Depatman an te lanse de anons sèvis piblik sou nouvo coronavirus la, youn ki mete aksan sou Komisè Sante Eta a Doktè Howard Zucker ak yon lòt ki gen enfòmasyon jeneral, ki disponib nan plizyè lang nan tout eta a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)